

Nama:

Kelas :

No	Jenis	Isi
1	SOAL	Wacan kang isine nyritakake sawijining kedadeyan utawa prastawa miturut urutaning wektu utawa kronologi diarani
	JAWABAN	Teks deskripsi
	JAWABAN	Teks Narasi
	JAWABAN	Teks Argumentasi
	JAWABAN	Teks Eksposisi
	JAWABAN	Teks Persuasi
2	SOAL	1. Penulisane asifat informatif 2. Isine bab crita sawijining kedadeyan kang ditulis kanthi wujud naratif 3. Ngandarake sawijining objek 4. Anggone ngandarake nggunakake pancadriya 5. Ndadekake pemaos bisa ngrasakake apa kang diandharake ing sawijing prastawa kasebut Pranyatan ing dhuwur kang keblebu titikane teks deskripsi yaiku
	JAWABAN	3, 4, 5
	JAWABAN	1, 2, 3
	JAWABAN	2, 3, 4
	JAWABAN	1, 3, 4
	JAWABAN	2, 4, 5
3	SOAL	1. Penulisane asifat informatif 2. Isine bab crita sawijining kedadeyan kang ditulis kanthi wujud naratif 3. Kasusun kanthi unsur tema, latar, alur, lan paraga 4. Nduweni pesen/amanat 5. Ndadekake pemaos bisa ngrasakake apa kang diandharake ing sawijing prastawa kasebut Pranyatan ing dhuwur kang keblebu titikane teks narasi yaiku
	JAWABAN	2, 3, 4
	JAWABAN	1, 2, 3
	JAWABAN	2, 3, 5
	JAWABAN	1, 3, 5
	JAWABAN	3, 4, 5
	SOAL	1. Penulisane asifat informatif 2. Isine bab crita sawijining kedadeyan kang ditulis kanthi wujud naratif 3. Kasusun kanthi unsur tema, latar, alur, lan paraga 4. Adhedasar kasunyatan 5. Ngandharake sawijining bab/ kawruh

4		Pranyatan ing dhuwur kang keblebu titikane teks eksposisi yaiku
	JAWABAN	1, 2, 3
	JAWABAN	2, 3, 4
	JAWABAN	1, 4, 5
	JAWABAN	3, 4, 5
	JAWABAN	1, 3, 5
5	SOAL	Wacan kang isine arupa panyaruwe/pendapat, penuturan, utawa paneu pribadhi saka penulis kanggo ngenyakinake wong kang maca supaya nduweni panemu kang padha karo panulis diarani teks
	JAWABAN	Narasi
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Eksposisi
	JAWABAN	Persuasi
	JAWABAN	Argumentasi
6	SOAL	Wacan kang isine ngajak supaya kang maca nglakoni apa kang dikandhakake panulis diarani teks
	JAWABAN	Narasi
	JAWABAN	Argumentasi
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Persuasi
	JAWABAN	Eksposisi
7	SOAL	<i>Setitekna wacan ing ngisor iki kanthi patitis!</i> SMK Ganesa yaiku Sekolah menengah Kejuruan sing mapan ing Desa Gajah. Alamat ana ing Jl.Raya Gajah Dempet Km 0,3 No 20 Gajah Demak. Jarake udakara 500 meter saka pasar Gajah. Pangarsa SMK Ganesa yaiku bapak Tri Harsono, S.Pd. SMK Ganesa kaperang saka 3 jurusan yaiku jurusan Teknik otomotif, Teknik Elektronik lan Busana. Fasilitas sing ana ing SMK Ganesa yaiku ruang kelas, mushola, perpustakaan, lapangan olahraga, parkir, laboratorium computer, laboratorium Tata Busana, laboratorium Otomotif, Wifi 24 jam, Pos satpam, Kantin. Sekoalahan iki mapane ana ing sisih kidul SMP N 1 Gajah. SMK saiki wis beda karo jaman biyen. Kepara akeh siswa pinunjul lan berprestasi saka lulusan SMK kang ngarumake bangsa ing kancah international kaya dene lomba World skills Asia Competition lan World Skill International Competition. Wacan ing dhuwur diarani wacan
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Eksposisi
	JAWABAN	Argumenttasi
	JAWABAN	Persuasi
	JAWABAN	Narasi

8		Minggu bengi, aku dolan nonton konser musik ing alun-alun karo kanca-kancaku cah papat, Dono, Joko, Andi lan Mardi. Konsere lekas jam wolu rampung jam 10. Aku lan kanca-kanca lunjak-lunjak saking senenge ngrongokane swarane musik band sing lagi nyanyi ing ndhuwur panggung. Kesel ora tak rasakne. Pokoke seneng. Jam sepuluh, konsere wis bubar. Wacan ing dhuwur diarani wacan
	SOAL	
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Eksposisi
	JAWABAN	Argumenttasi
	JAWABAN	Persuasi
9	JAWABAN	Narasi
		Dina preian wingi aku lunga menyang Borobudur karo Ibu, Bapak lan adik adikku. Borobudur rame banget, tapi kabeh pada manut karo aturan protokol kesehatan. Aku uga dipeseni Ibu tansah nggawa hand sanitizer lan masker cadangan. Pokoke masker tetep dinggo terus nalika ing Borobudur. Aku juga dipeseni Ibu tansah nggawa hand sanitizer lan masker cadangan. Pokoke masker tetep dinggo terus nalika ing Borobudur. Wacan ing dhuwur diarani wacan
	SOAL	
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Eksposisi
	JAWABAN	Argumenttasi
10	JAWABAN	Persuasi
	JAWABAN	Narasi
		NOTE Coba wacanen wacan iki kanthi tlesih. Gamelan duwe sejarah kang wis suwe, nalika ing jaman Karajan Majapahit. Wiwit jaman Karajan Majapahit, piranti gamelan wis wiwit digawe. Awit saka Karajan Majapahit, mula gamelan iku isih kenthel kanthi agama Hindu. Gamelan kang saiki, wis akeh kagubah dening Sunan Bonang. Gamelan iku kalebu jinis musik kanthi nada pentatonis lan nduweni laras pelog sarta slendro. Laras slendro nduweni limang nada, dene pelog nduweni pitung nada. Gamelan biasane kanggo ngiringi beksan utawa seni pagelaran liyane kayata kethoprak, wayang kulit lan sapiturute. Ricikan utawa instrumen gamelan iku kaperang dadi telu, yaiku ricikan balungan, ricikan garap lan ricikan struktural. Ricikan balungan kayata saron, demung, saron barung lan aron penerus. Ricikan garap kayata rebab, kendang, gender, bonang, siter lan gambang. Denen ricikan struktural yaiku ricikan kang gawe raketing dolanan kayata kethuk, empyak, kempyang, kenong, gong, kempul, kecer. Wacan ing dhuwur diarani teks
	SOAL	
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Persuasi
	JAWABAN	Argumenttasi
	JAWABAN	Eksposisi
	JAWABAN	Narasi

11		Lulusan SMK Siap Kerja, Aja Dianggep Sasisih Mripat Jaman biyen, akeh wong kang nganggep sinau ana ing sekolah menengah kejuruan (SMK) mujudake pilihan paling pungkasan. Ora kalebu pilihan kang favorit lan diunggulake. Kepara ora sithik kang nganggep lulusan SMK mung sasisih mripat jalaran ing SMK panggonane para siswa sing males sinau, seneng mbolos sekolah, lan kumpulane bocah nakal. Nanging, apa iya pratelan kang kaya mangkono iku isih trep lan jumbuh ing jaman saiki? Anggepan ngenani SMK kang kaya mangkono wis ora jumbuh lan trep ing jaman saiki. Saiki sekolah menengah kejuruan wis ngalami owah-owahan kang gedhe banget. Kepara saiki jaman dadi suwalike. Para siswa luwih milih sekolah ing SMK tinimbang sekolah umum jalaran lumantar sekolah ing SMK bakal oleh sugu kaprigelan teknis kanggo nyambut gawe. "Mula saka iku, SMK wis ora dikiwakake maneh, lan uga ora dadi pilihan pungkasan tumrap wong akeh", ngendikane Direktur Mitras DUOI Kemdikbud jroning sawijining acara diskusi kanthi tema "Pendidikan Vokasi Hadapi Industri Masa Depan".
	SOAL	Wacan ing dhuwur diarani wacan
	JAWABAN	Deskripsi
	JAWABAN	Persuasi
	JAWABAN	Argumenttasi
	JAWABAN	Eksposisi
12	JAWABAN	Narasi
		Lulusan SMK Siap Kerja, Aja Dianggep Sasisih Mripat Jaman biyen, akeh wong kang nganggep sinau ana ing sekolah menengah kejuruan (SMK) mujudake pilihan paling pungkasan. Ora kalebu pilihan kang favorit lan diunggulake. Kepara ora sithik kang nganggep lulusan SMK mung sasisih mripat jalaran ing SMK panggonane para siswa sing males sinau, seneng mbolos sekolah, lan kumpulane bocah nakal. Nanging, apa iya pratelan kang kaya mangkono iku isih trep lan jumbuh ing jaman saiki? Anggepan ngenani SMK kang kaya mangkono wis ora jumbuh lan trep ing jaman saiki. Saiki sekolah menengah kejuruan wis ngalami owah-owahan kang gedhe banget. Kepara saiki jaman dadi suwalike. Para siswa luwih milih sekolah ing SMK tinimbang sekolah umum jalaran lumantar sekolah ing SMK bakal oleh sugu kaprigelan teknis kanggo nyambut gawe. "Mula saka iku, SMK wis ora dikiwakake maneh, lan uga ora dadi pilihan pungkasan tumrap wong akeh", ngendikane Direktur Mitras DUOI Kemdikbud jroning sawijining acara diskusi kanthi tema "Pendidikan Vokasi Hadapi Industri Masa Depan". <i>Pratelan teks Lantip Basa Lan Sastra Jawa kaca 11</i> Miturut wacan ing dhuwur, <i>Geneya siswa saiki luwih milih sekolah ing SMK tinimbang sekolah umum...</i> Ing ngisor iki kang trep kanggo mangsuli pitakonan ing dhuwur yaiku
	SOAL	
	JAWABAN	Sekolah ing SMK mata pelajaran mung sitik
	JAWABAN	Sekolah ing SMK bakal disanguni kaprigelan teknis kanggo nyambut gawe
	JAWABAN	SMK minangka sekolah pilihan pungkasan
	JAWABAN	Sekolah ing SMK panggonane bocah nakal
	JAWABAN	Sekolah ing SMK panggonane bocah kang males sinau
	SOAL	Wacanen kanthi patitis!

13		Owah-owahaning tatanan ing SMK ora mung dumadi jalaran saka upayane pamarentah nanging uga saka labuh labete dunya usaha lan dunya industri (DUDI) kang melu nyengkuyung lakune pendidikan ing SMK. Kawiwitan saka kawicaksanaan pemerintah lumantar Inpres Nomer 9 ngenani Revitalisasi SMK lan disengkuyung program liyane kaya dene; program SMK <i>center of excellence</i> (CoE), <i>program link and match</i>, lan kang paling pungkasan program SMK pusat keunggulan. Banjur ditambah labuh labete dunya industri lumantar program kelas industri, lakune pendidikan ing SMK saya kebat anggone nututi owah-owahaning jaman lan kabutuhan pasar tenaga kerja. Program nyambungake lan ngepasake antarane pawiyatan ing SMK lan DUDI iki dadi salah siji srana nyepetake laku undhaking kualitas pendidikan kejuruan ing Indonesia. Sing dadi pembeda, ing sekolah SMK para siswa ora mung disangoni ijazah lulus sekolah, nanging uga sertifikat kompetensi ing bidang keahlian tartamtu kang bakal digunakake kanggo bukti lamun kaprigelan wis lulus sertifikasi dening lembaga sertifikasi profesi. Kajaba iku, para siswa SMK uga duweni kalodhangan nglakoni magang kerja lumantar program PKL utawa praktik kerja lapangan ing lokasi DUDI kanggo dhasar pengalaman sadurunge nyemplung ing donyaning dunya usaha lan dunya industri.
		Miturut wacan ing dhuwur, apa kang dadi pembeda sekolah ing SMK lan Sekolah liyane...
	JAWABAN	Sekolah ing SMK mata pelajaranane mung sitik
	JAWABAN	SMK minangka sekolah pilihan pungkasan
	JAWABAN	Sakliyané disangoni ijazah lulus uga disangoni sertifikat kompetensi ing bidang keahlian tartamtu
	JAWABAN	Sekolah ing SMK panggonane bocah nakal
14	JAWABAN	Sekolah ing SMK panggonane bocah kang males sinau
	SOAL	<i>"Kepara ora sithik kang nganggep lulusan SMK mung sasisih mripat jalaran ing SMK panggonane para siswa sing males sinau, seneng mbolos sekolah, lan kumpulane bocah nakal."</i> Pitakonan sing jumbuh kalia pratelan teks ing dhuwur yaiku
	JAWABAN	Apa
	JAWABAN	Ing ngendi
	JAWABAN	Kepiye
	JAWABAN	Geneya
15	JAWABAN	Kapan
	SOAL	<i>"Para siswa luwih milih sekolah ing SMK tinimbang sekolah umum jalaran lumantar sekolah ing SMK bakal oleh sangu kaprigelan teknis kanggo nyambut gawe."</i> Pitakonan sing jumbuh kalia pratelan teks ing dhuwur yaiku
	JAWABAN	Geneya
	JAWABAN	Kepiye
	JAWABAN	Apa
	JAWABAN	Ing ngendi
	JAWABAN	Kapan